



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI 172 ANDIR KIDUL
TERAKREDITASI (A) No.02.00/441/BAP-SM/X/2009



Jalan A.H. Nasution No.38A Telepon (022) 7832462 Cinambo Bandung

ASESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER

I. Pek pilih jawaban anu dianggap pangbenerna !

Baca biografi inohong di handap !

Biografi Otto Iskandardinata

Otto Iskandardinata, anu leuwih kasohor ku julukan “Jalak Harupat,” lahir di Bojongsoang, Bandung, tanggal 31 Maret 1897. Anjeunna nyaéta salah sahiji pahlawan nasional Indonesia anu boga peran penting dina perjuangan kamerdikaan. Julukan “Jalak Harupat” dipasihkeun lantaran sipatna anu tegas, wani, jeung boga semangat juang anu luhur, sarua jeung watak manuk jalak harupat nu pemberani.

Otto kungsi sakola di HIS tuluy neraskeun ka Kweekschool pikeun jadi guru. Salian ti jadi pendidik, anjeunna ogé aktif dina organisasi pergerakan, saperti Paguyuban Pasundan, anu ngadorong kamajuan pendidikan jeung budaya Sunda. Dina dunya politik, Otto kacatet minangka anggota BPUPKI jeung PPKI, lembaga anu nyiapkeun pondasi pikeun kamerdekaan Indonesia.

Dina sajarah perjuangan, Otto Iskandardinata dipikawanoh minangka sosok anu vokal, jujur, jeung satia kana prinsip perjuangan bangsa. Anjeunna mangrupa salah sahiji tokoh anu mere kontribusi gedé dina nyusun dasar-dasar nagara. Otto pupus kalayan tragis dina taun 1945, sarta jasa-jasa anjeunna dipikaresep ku bangsa Indonesia. Ayeuna, ngaranana diabadikeun jadi jalan, sakola, jeung stadion, kaasup Stadion Jalak Harupat di Bandung

1. Otto Iskandardinata lahir
 - A. 1 Méi 1897
 - B. 31 Maret 1897
 - C. 10 April 1897
 - D. 31 Méi 1897
2. Kunaon Otto Iskandardinata meunang julukan “Jalak Harupat”?
 - A. Sabab anjeunna resep kana manuk jalak
 - B. Sabab anjeunna lahir di Bojongsoang
 - C. Sabab sipatna tegas, wani, jeung boga semangat juang
 - D. Sabab anjeunna jadi guru
3. Sakola naon anu kungsi dilakukeun ku Otto Iskandardinata?
 - A. SD jeung SMP

- B. HIS lajeng Kweekschool
 - C. HIS lajeng MULO
 - D. Kweekschool lajeng Universitas
4. Dina organisasi naon Otto aktip dina kagiatan budaya jeung pendidikan Sunda?
- A. Budi Utomo
 - B. Sumpah Pemuda
 - C. Paguyuban Pasundan
 - D. Sarekat Islam
5. Dina lembaga naon Otto Iskandardinata ilubiung dina persiapan kamerdikaan Indonesia?
- A. KNIP jeung PETA
 - B. BPUPKI jeung PPKI
 - C. MPR jeung DPR
 - D. VOC jeung Budi Utomo
6. Sifat-sifat naon anu dipikawanoh tina diri Otto Iskandardinata?
- A. Pinter ngarang jeung humoris
 - B. Wani, jujur, jeung semanget juang anu luhur
 - C. Banteng, lincah, jeung pendiam
 - D. Dermawan jeung sombong
7. Kumaha cara Otto pupus?
- A. Kusabab gering
 - B. Kusabab kacilakaan
 - C. Pupus sacara tragus dina taun 1945
 - D. Pupus dina perang
8. Pikeun ngenang jasa, Oto Iskandar diabadikeun ngaranna jadi...
- A. Dijadikeun simbol mata uang
 - B. Diabadikeun jadi ngaran jalan , ngaran sakola, jeung ngaran stadion
 - C. Dijadikeun presiden kahiji
 - D. Dijadikeun lagu nasional
9. Kecap anu teu ngagunakeun rarangken tukang -an nyaeta ..
- A. Kabayan
 - B. Kasenian
 - C. dagangan
 - D. kabawaan
10. Kalimat di handap ieu anu ngandung kecap rarangken tukang -ing nyaéta...
- A. Barudak keur ulin di lapang.
 - B. Manéhna maca buku carita.

- C. Bakating ku lapar manehna gancang-gancang muka dahareun
D. Indung keur masak ranguing di dapur.

II. Ceklis jawaban anu bener cocok di kotak numutkeun jawaban anu bener !

Tengetan teks wawancara dihandap !

Kinanti	: Hé..hé...Puyengbungupingkeunana. Dupi masarkeunana ka mana baé, Bu?
Bu Ranti	: Ah teu tebih ibu mah, ka pasar, ka toko kué, sareng ka sakola-sakola. Aya sababaraha jalmi nu sok nyandak ogé kanggo diiderkeun.
Kinanti	: Sabungkusna sabarahaan, Bu?
Bu Ranti	: Pami ti Ibu mah, dua rébuan. Ku nu nyandak atanapi nu katitipan sok diical tilu rébuan.
Kinanti	: Ohh! Dina sadinten sabaraha bungkus kinten-kinten nu kaical?
Bu Ranti	: Rata-rata 1500 dugi ka 2000 néng.

11. Tempat Bu Ranti masarkeun awug ka tempat dihandap ieu nyaéta ...
☐ Pasar ☐ kantor ☐ toko kue ☐ toko roti
12. Harga awug Bu Ranti dina sabungkus nyaéta ...
☐ sarebu ☐ dua rebu ☐ tilu rebu opat rebu
13. Kecap-kecap dihandap anu kaasup kana rarangken tukang -an!
☐ gambaran ☐ tulisan ☐ sopan ☐ papan
14. Dihandap ieu kaasup kecap anu ngandung rarangken tukang -an anu gunana pikeun ngawangun kecap barang
☐ bawaan ☐ wanian ☐ sakolaan ☐ timbangan
15. Kalimat di handap ieu anu ngandung kecap rarangken tukang -eun nyaéta...
☐ Tunda konci the di handapeun panto.
☐ Ibu meser rujakeun ka pasar
☐ Wengi tadi saeur pisan reungit
☐ Mobil eureun ngadada

III. Ceklis benar atau salah pernyataan dihandap ieu saluyu jeung kalimatna !

No	Pernyataan	benar	salah
16.	Wirausaha mibanda harti nyaeta jalma anu punjul dina widang usaha sacara mandiri.		
17.	Conto wirausaha saperti polisi jeung guru.		
18.	Bagian bubuka dina wawancara mangrupa poko tina wawancara.		
19.	Jalma anu mere informasi waktu wawancara nyaeta narasumber.		
20.	Otobiografi tulisan anu nyaritakeun atawa ngajelaskeun kahirupan hiji jalma atawa tokoh sacara lengkep anu ditulis ku tokohna sorangan		